www.nohchalla.com

# Хьуна лаахь

Хьуна лаахь дуьне мел ду къайлах,
Д1аг1ур ву со шолг1а схьа ца ва.
Хьуна лаахь зезаг хилла  бай т1ехь,
Техкар ву со дахар хаздеш хьа.

Хьуна лаахь сирла седа санна,
1аьржа буьйса мелла къагаеш,
Соцур ву со лепаш сенчу стиглахь,
Хьо цхъаъ массо вонах лар а еш.

Хьуна лаахь мелчу мохо санна,
К1ажарш д1аса лестор ю ас хьа.
Хьуна лаахь маьлха з1аьнарш санна,
Йох еш бийр бу ас хьа дагна там.

Хьуна лаахь соьх хир шера аре,
Йа лам , йа бух боцу сийна х1орд.
Нагахь йодахь къайле йина маре,
Т1улг а хилла дуьсар ду са дог.

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)